



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE KÒMANSE MWA ISTWA FANM LAN

Pibliye pwoklamasyon ki deziyem mas kòm Mwa Istwa Fanm yo pou onore pyonye yo ki fasone istwa Eta a

Y ap limen moniman Eta yo ak koulè vyolet an rekonesans ak Mwa Istwa Fanm lan

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki deziyem Mas kòm Mwa Istwa Fanm yo pou selebre reyalyasyon fanm New York yo. An rekonesans, yo pral limen moniman Eta New York yo vyolet aswè, 1e mas la.

"Soti nan Waterloo rive nan Seneca Falls, Eta New York te solidifye plas li nan listwa kòm bèso mouvman dwa fanm yo, epi antanke premye Gouvènè fanm, mwen konnen mwen pa t ap la si se pa te fanm vanyan ki te trase chemen mwen deja mache yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwa sa a ak chak mwa, nou pral kontinye travay di pou onore eritaj tout moun ki te goumen san pran souf pou egalite epi asire nou bati yon avni ki pi briyan, ki pi jis pou pitit fi nou yo ak pitit pitit fi nou yo."

Nan [pwoklamasyon](#) Mwa Istwa Fanm li an, Gouvènè Hochul te mete aksan sou tèm nasyonal ane sa a, "Selebre Fanm ki Rakonte Istwa nou yo", ki onore fanm New York ki te itilize vizyon yo ak talan yo kòm ekriven, jounalis, editè, fotograf, ak powèt pou anrichi sosyete a.

Moniman ki dwe limen pou onore Mwa Istwa Fanm yo enkli:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson

- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418